

9 septanm

Tounen vin jwenn sila nou te vire do ba li a.

Ezayi 31. 6

Atansyon, danje !

– *Lòt*, yon abitan lavil Sodòm, te yon nonm ki te enfliyan anpil nan vil deprave sa. Li te byen konnen ke Bondye pa t dakò ak aksyon deregle ki kont lanati moun lavil sa t ap fè, “Nanm nonm jis sa te toumante” (2 Pyè 2. 8), akòz sa ke li te tandè epi li te wè. Epoutan, li te rete la. De zanj te oblije vin ba li sekirite pou fè l soti nan vil sa, dekwa pou jijman Bondye a pa t tonbe sou li (gade Jenèz 19).

– *David*, ke wa Sayil t ap kouri dèyè l, te kouri al kache lakay Akich, yon lènmi pèp Bondye a. Men, lè li wè ke sèvitè Akich yo te rekonèt li, li te pè pou li pa mouri. Li te pran pòz moun fou (1 Samyèl 21. 13), epi apres a li te oblije sove kite la, li te wont.

– *Jonas*, olye pou li ale Niniv dapre lòd Bondye, te kouri nan yon kannòt ki taprale yon lòt kote, Tasi. Bondye, Toupisan an, voye yon gwo tanpèt ki te fè tout maren yo pè anpil. Kòm se Jonas ki te lakòz tanpèt sa, yo te jete l nan lanmè. Yon pwason te vale l, epi apre twa jou ak twa nwit, Bondye bay pwason an lòd pou l al vomi Jonas sou rivaj la.

– *Pyè*, disip Jezi a, t ap chofo bò dife lènmi Mèt li a. Lè yo te poze l kesyon sou relasyon l ak Jezi, li di twa fwa ke li pa rekonèt li.

Yon kretyen pa kapab ni kontan ni fè Bondye plezi lè konpòtman li kont volonte Bondye. Men toujou gen yon wout pou li retounen. “Tounen vin jwenn mwen ak tout kè nou... ; tounen vin jwenn Senyè a, Bondye nou an ; paske li gen anpil gras ak mizerikòd” (Jowèl 2. 12, 13).

9 septembre

Revenez à celui de qui vous vous êtes si profondément détournés ! Ésaïe 31. 6

Attention, danger !

– *Lot*, habitant de Sodome, était un homme influent de cette ville dépravée. Sachant que Dieu n'approuvait pas les actes pervers et contre nature, commis dans cette ville, il “tourmentait jour après jour son âme juste” (2 Pierre 2. 8) à cause de ce qu’il voyait et entendait. Pourtant il restait là. Deux anges ont été obligés de l’escorter pour sortir de la ville, afin que le jugement ne l’atteigne pas (voir Genèse 19).

– *David*, poursuivi par le roi Saül, s’enfuit et se réfugia vers Akish, un ennemi du peuple de Dieu. Mais se voyant reconnu par les serviteurs d’Akish, il craignit pour sa vie. Il simula la folie (1 Samuel 21. 13), et dut ensuite se sauver de là, à sa honte.

– *Jonas*, au lieu d’aller à Ninive sur l’ordre de Dieu, s’enfuit sur un navire allant à l’opposé, à Tarsis. Dieu, le Tout-puissant, envoya une tempête qui mit tous les marins dans l’angoisse. Parce que Jonas était la cause de cette tourmente, on le jeta à la mer. Là, un poisson l’engloutit, et au bout de trois jours et trois nuits, sur l’ordre de son Créateur, il vomit Jonas sur la terre.

– *Pierre*, disciple de Jésus, se chauffait au feu des ennemis de son Maître. Lorsqu’il fut questionné sur ses relations avec Jésus, il dit trois fois qu’il ne le connaissait pas.

Un croyant ne peut pas être heureux ni plaire à Dieu quand sa conduite s’oppose à la volonté de Dieu. Mais un chemin de retour est toujours possible. “Revenez à moi de tout votre cœur... ; revenez à l’Éternel, votre Dieu ; car il est plein de grâce et miséricordieux” (Joël 2. 12, 13).